ТЕМА: Мух1амад Хуршилов

# "НАДИР-ШАГЬ ЩУЩАХЪ ВИХХИЗАВИ"





"Шагь г1адаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъалде данде рагъде виччан те"

Дарс х1адур гьабуна: Алиева С.С. 2018 сон

Цебехун малъараб такрар гьаби .

(щиб  асаралда жаниса росарал раг1аби гьал кколел)

1)ДАГЪИСТАНАЛДА БУГО ЦО К1УДИЯБ САЛУЛ БАЙДАН,ГЬЕБ БАЙДАНАЛЪУЛ БАКЬУЛЪ БУГО ЦО ГАМАЧ1. ГЬЕБ РЕЛЪЛЪУНА,БУРТИНАГИ РЕТ1УН,Т1АГЪУРГИ ЛЪУН,Ч1АРАВ ЧИЯСДА....(ГАНЧ1ИЛ ВАС)

2)...ИНСУЛ ДУЕ ЩВАРАБ ЩУНУСАБГО Г1И,

ЩУ-ЩУ ККУН БИКЬИЛА,МУН ГЬЕНИВ ТЕЛА!

ЭБЕЛАЛЪУЛ ЩВАРАБ РОСДА ЦЕБЕ ХУР,

Г1УРХЪАЛ Ч1ВАН КЪОТ1ИЛА,МУН ВАХЪИЛАРО!(КЬУРУЛЪ ХУТ1АРАВ Г1АЛИ)

3)..-ВАЙ ,АЛЛАГЬ ,ДИР АЛЛАГЬ,ДИР ГЬАГАБ БЕТ1ЕР,

ДИЕ ГУРЕБАНИ ДУЦА ГЬАБ КЬУРАБ.

МАЦ1АЛ ГЬАРУРАЗУЛ МАЦ1АЛ РАХЪАГИ,

МАЦ1ИД БОЖАРАВ ДИР БЕТ1ЕР БАКЪВАЙГИ.(МУГ1РУЗУЛ Г1АЛИ)

(инсанасул бищун квешаб г1амал бугьтан лъей , мац1ихъанлъи сабаблъун хъизан балагьалде т1амиялъул-щиб коч1олъ бицунеб бук1араб?

4)ВАЛЛАГЬ ИНЕВ,ЭБЕЛ,ДУН АХ1АРАЛЪУВ,

Х1ИНКЪУНИЛАН ККЕЛА ДУН ГЬЕВ ХАНАСДА.

ТАЛЛАГЬ ВАХИНА ДУН,ВАЦАЛ ХУНЗАХЪЕ.

НУЦАЛ ЧИ ВАТАНИ,ЧАРЛЪУГЕ АБЕ!(ХОЧБАР)

Лагълъиялде данде эркенлъи ц1унун,  халкъалъ гьабураб къеркьеялъул бицунеб буго коч1олъ

5)ПАТ1ИМАЛ ГЬУНАРАЛЪ, БАГЬАДУРЛЪИЯЛЪ

БИХЬИНАЛ ГЬАРУНА Г1ОДОР КЪУЛИЗЕ,

ЧОДА Т1АДАГЬЛЪИЯЛЪ,БАХ1АРЧИЛЪИЯЛЪ

ЧАНГИ ВАС ГЬАВУНА ГЬЕЛЪ ПАНАЛЪИЗЕ.(ПАРТУ ПАТИМА)

(Ц1ияб тема байбихьилалде , дица биччала нужее видеоролик,гьелдалъун нужеда бич1ч1ине ккола сундул х1акъалъулъ нилъеца жакъа бицине бугебали.

презентация-"надир шах щущахъ виххизави"-ролик

-кинаб лъугьа-бахъин рак1алде щвараб нужеда?

Жакъасеб дарсил тема:Надир-шагь щущахъ виххизави- халкъияб кеч1

Дарсил мурад:

1)Лъай кьеялъул: "Надир-шах щущахъ виххизави"-абураб халкъияб коч1ол х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби. Бит1ун ва чвахун ц1алиялъул даража борхизаби. Нек1сияб ва гьанжесеб г1умруялъул шарт1ал дандеккун, х1асил гьабизе лъималазда малъи

2)Лъай цебет1езабиялъул: Г1адатаб анализалъул кумекалдалъун ц1алдохъаби жидерго пикру загьир гьабизе ругьун гьари, гьелъул кьуч1алда кицаби -абияздасан пайдаги босун гьезул г1акълу бег1ери.

3)Тарбия кьеялъул: Маг1арулазул Ват1аналде бугеб рокьи, лебаллъи, тарихияб рагъулъ гьез бихьизабураб бах1арчилъиялъи ,миллатазул гъунки ва цолъи кидаго бук1араблъи бич1ч1изабизе .

Дарсил алатал: эпосиял куч1дузул т1ехь,презентация,халкъияб коч1ол ва бакъназул диск.

Эпиграф "Шах г1адаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъазде данде рагъ гьабизе виччан те"

(18г1.къажаразул кици)

Цин гьеб кеч1 ц1алилелде рач1а рак1алде щвезабилин

1)"Шагь г1адаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъалде данде рагъде виччан те"-абурал раг1абаздалъун щиб къиса байбихьулеб бугеб?

-Г1андалал

2)Лъица хъвараб Г1андалал аб къиса? Киса гьев ?

-Мух1амад Хуршиловас,гьавуна Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъ.

3)Г1андалалилан щиб районалъул г1адамазде цебе абулеб бук1араб?

-Гъуниб районалъул .

Къисаялда жаниб цониги багьадурасул ц1ар рак1алда бугищ?

Гьонодаса Залим( ГЬЕСул х1акъалъулъ бицине)Гьев асирлъуде ккун вуго ,шагьасул вазирзабаз г1азаб кьуниги х1еларaб раг1и ун гьеч1о гьесул к1алдиса къват1ибе,ццин бахъарал гьез багьадурасул г1ундулг и мег1ерги къот1ун буго. гьесул каранда ц1адулъ баг1аризабураб ч1оралъ моц1рол сурат бахъун буго, жалго кваналеб бак1алде вачунев вук1ун вуго амма гьев сундуениги чучулев чи вук1ун гьеч1о,чармил рак1 бугеб бихьинчи вук1ун вуго.ахирги тушбабаз гьеб кверал х1ат1алги рухьун тумазул кьурулъан гъоркье рехун вуго.нахъисеб къоялъ гъазигъумекдерил росулъа чи т1аде ккун хвасар гьавун вуго. гьес жиндиего х1едул мег1арзукъалалги гьарун руго."Х1едумег1ер аб ток1ц1ар лъун буго гьесда,ругънада т1аде ц1ам щвалаанилан бицен буго гьес, ц1идасанги ун вуго шахгун вагъизе, цо рагъулъ 15-20  къажарас сверун ккведал асирлъуде ине бокьч1ого , живго жинцаго ч1ван бах1арчияб хвел босун буго гьев багьадурас.

Анлъкилищ(бицен буго Гьидалъа Хочбарилги гьесулги гьудуЛлъи бук1арабилан, гьев вук1ун вуго бах1арчилъиялъул ц1ар араб унго унгояв маг1арул бихьинчи.

Мег1ер к1ич1арав Чупалав-гьесул ц1ар т1олго Аваристаналдаго кутакалда т1ибит1ун бук1ана, 20 соналъ вагъана гьев тушбабзде данде, цо нухалъ тушбабигу рагъулеб мехалъ Чупаласул васасул к1алдиб щун буго гулла,.Васасул бидуца белъараб гьумер бихьараб мехалъ , ч1амун къват1ибе туйилан аб буго гьес.

Гочоса Г1амир, Херав Х1асан ва ц.

4)Щиб г1амал- хасияталъул чаг1илъун гьаб къисаялда цере ч1олел ругелцересел умумул?

Гьезулъ бук1ана ях!,бук1ана чилъи,лебаллъи,нилъер к1удияб талих1 буго гьезул наслуялъул рати, нилъеда киданиги рак1алдаса ине бегьуларо гьел.Гьезул ирс босарал васалги ясалги ругин нижилан ч1ух1ун рук1ине ккола,гьезда релълъарал лъугьине жигар бахъизе ккола , гьелъие тавпикъ кьеги нужее...

"Надир-шах щущахъ виххизави"

Ц1иял раг1аби:

Хорасан-Ираналъул цо вилаят(район)

Къандагьар-Афганистаналда бугеб к1удияб шагьар

Шираз -Ираналъул югалда бугеб шагьар

Килат-Белуджистаналъул шагьар

Гьамадан-ираналъул халкъ

Магъриб-бакът1ерхьул рахъ

Машрикъ-бакъбаккул рахъ

Гъолода , гъолодисел-нек1о аваразул Ц1ороб бук1араб к1удияб росува гьелъул г1адамал,гьанже гьениб ч1ваднал хут1ун руго.

Хиц1иб-сугъулдерил цо мегъалда ц1ар

Агиласул х1уриб-сугъулдерил цо ракьалда ц1ар

Хунзахъа ДАЙТИЛАЛ- тухумалда ц1ар

Гъазизаби-гъазаватчаг1и,гъазаваталда хварал

Огъузилал-хунздерил цо тухумалда ц1ар

Г1анада байдан-Ч1охъ ва Ругъжаб  росабазда гьоркьоб бугеб расалъиялда ц1ар

топхана-артиллерия

чадирал-палатки

ашрафи-нек1о Ираналда хьвадулеб бук1араб г1арац

## Г1ахьалчаг1и

Тагьмас-Надиршагьасда маг1арулаз лъураб ц1ар

Ибрагьи-хан-Надир шагьасул вац,зулмучи.Ц1оралъул халкъалъ ч1варав

Сурхай-Гъумекдерил ханасул ц1ар

Нуцал-Мух1амадмирзал вас,Хундерил хан

алапа-мухь,харж.

г1ак1а-штраф

чарамул хвалчен-сталь  кинжал

болч1ор-газаргъо,г1ужда ч1ор реч1ч1улеб бак1алда гьабулеб рагъул расанди

къаргъа г1агилу-лъималаз х1алеб рагъулаб расанди

х1ебул раг1аллъи-нек1о сугъулдерил г1олохъабич1орбут1алъ реч1ч1изе унел рук1араб бак1.

к1алкъолал-къвак1арал ,къо х1ехьолел

къолдаби-кольчуга

чадир-палатка

хъирмал(мач1у)-кремневка (старинное кремневое ружье)

фиктарал-рагъухъабаз рагъулаго цере кколел хъалхъанал(щит)

ягъзият-гулла-хер жаниб лъолеб алат(порох)

"Надир-шагь щущахъ виххизави"- абураб кеч1 ролазде бикьун ц1алила, муг1алималъ байбихьила ц1ализе ,хут1араз т1ад балагьун ххал кквела(Магъущ,нуцал, надир-шагь, сурхай-хан)

Г!адатаб анализ

"Надир -шах щущахъ виххизави" гьеб ккола эпосияб кеч1. Коч1ол жанр - кьалул, кьалул х1акъалъулъ ругел куч1дузулъ бицунеб бук1уна нилъер умумуз къват1иса рач1арал рик1к1ен г1емерал тушбабигун ват1ан ц1унулаго гьарурал рагъазул х1акъалъулъ. Коч1ол тема ккола-Дагъистаналъул миллатазул вацлъи, гъунки ва цолъи.

Аслияв тушман вук1ана Надир шагь.Гьев ГЬАВУНА 1688 СОНАлъ ИРАНАЛЪУЛ ХОРАСАН АБУРАБ ШАГЬАРАЛДА, ГЬЕВ ВУК1УН ВУГО ТУРКМЕНАВ,ГЬЕСУЛ ЭМЕН ВУК1УН ВУГО Ц1ОКО-КЪЕХЬ КЪАЧ1АЛЕВ ЧИ. Х1АКЪИКЪАТАЛДАГИ г1емерал УЛКАБИ КВЕРДЕ РОСАРАВ ХЪАМАЛЧИ ВУК1АНА ГЬЕВ ,1736-37 С гьесул кверщаликье ккана АРМЕНИЯ, АЗЕРБАЙДЖАН,ГРУЗИЯ,АФГЪАНИСТАН , ,БЕЛУДЖИСТАН, ИНДИЯЛЪУЛ ДЕЛИ ШАГЬАР. ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦО-ЦО РАКЬАЛ ИРАНАЛЪУЛ ШАГЬЛЪИЯЛДЕ ГЪОРЛЪЕ УНЕЛ РУК1АНИГИ,(дербент,табасаран)Т1УБАНГО ГЬЕБ КВЕРДЕ БОСИЗЕ БАЖАРИЧ1ОЛЪИЯЛЪ ЦЦИН БАХЪУН ВУК1АНА НАДИРИЛ. ХАСГО АВАРИСТАН МУК1УР ГЬАБИЗЕ БУГЕБ КЪАСДАЛЪ ГЬЕС 1741 ЦОНАЛЪ ЛЪАБАБИЗЕГИ САПАР БУХЬАНА ДАГЪИСТАНАЛДЕ ,АММА Т1АДЕ МАГ1АРУХЪЕ ШАГЬАСДА ВОРЧ1ИЗЕ К1ВЕЧ1О,1741 СОНАЛЪУЛ 21 СЕНТЯБРАЛДА Г1АНДАЛАЗУЛ РАКЬАЛДА МАГ1АРУЛАЗУЛ ЦОЛЪАРАЛ АСКАРАЗ ЩУЩАХЪ БИХХИЗАБУНАГЬЕСУЛ БО. Т1УБАНГО НАДИРИЛ БО ЩУЩАЗАБУРАБ РАГЪ ККУН БУГО МОХ1ОБ ВА Ч1ОХЪ РОСАБАЗДА АСК1ОБ БУГЕБ ХИЦ1ИБ АБУРАБ МАГЪИЛЪ.ГЬЕБ БУК1УН БУГО РАГЪ БАЙБИХЬУН К1ИАБИЛЕБ КЪО.КУМЕКАЛЪЕ Т1АДЕ ЩУН РУГО ХУНДЕРИЛ ХАНАС РИТ1АРАЛ РАГЪУХЪАБИ.ХИЦ1ИБ МАГЪИЛЪ КЪАЖАРАЗДА Т1АД БЕРГЬЕНЛЪИ БОСУН БУГО МАГ1АРУЛАЗ. ЧАНГИ БАХ1АРЧИ ВИЖАРАБ БАК1 БУГО МАГ1АРУЛ РАКЬ.ГЬЕБ ТАРИХИЯБ РАГЪУЛЪ БАХ1АРЧИЛЪИ БИХЬИЗАБУРАЗУЛ Ц1АРАЛГИ РАТУЛА НИЛЪЕДА ХАЛКЪИЯБ КОЧ1ОЛЪ.

Бахьинлъи гъурулеб гъалбац1 кинигин,

Гъерезе рук1ана дов Нурмух1амад

Махх къот1улеб чаран киннигин,

Къот1аризе вана дов Х1ажимуса.

Гьезулъ бук1ана ях!,бук1ана чилъи,лебаллъи,нилъер к1удияб талих1 буго гьезул наслуялъул рати, нилъеда киданиги рак1алдаса ине бегьуларо гьел.Гьезул ирс босарал васалги ясалги ругин нижилан ч1ух1ун рук1ине ккола,гьезда релълъарал лъугьине жигар бахъизе ккола , гьелъие тавпикъ кьеги нужее...

Сценка  "Бищунго къуватаб ярагъ"

Автор:Г1емерал боялгун гьит1инаб Дагъистаналде т1аде к1анц1ана Ираналъул Шагь-Надир. Гьесул мурад бук1ана т1олабго дунялалда  кверщел гьабизе.Рух1улаго цере ратарал росабигун гьев Г1андалазул цо росулъее щвана.Гьеб росулъ вук1ана Зулпукъарилан ц1ар бугев цо гьит1инав вас ц1акъ гьесдаса ч1ух1арав к1удадаги вук1ана гьесул.Гъасда г1одов ч1арав к1удадаца Зулпукъарида гьикъана:

Зулпукъар:

-Щив кколев ,дах1адада ,Надир-шагь?Щиб гьесие нилъедасан къвариг1ун бугеб?

К1удада:

-Надир-шагь ккола,дир вас,чияр биялъ г1орц1улареб т1урараб гьой.Амма нилъеца гьелъул гажал гъурила.Биччанте гьесул г1емерал боялги рук1ине,лъик1аб ярагъги бук1ине.Нилъерги бугеб бокьарав тушманасдаса бергьунеб ярагъ!

Зулпукъар:

-Гьеб щиб ярагъ,дах1адада?

К1удада:

-Гьеб буго ,дир вас,нилъерго ракьалде,Ват1аналде  бугеб рокьи!

Автор:Нахъисеб къоялъ Надир-шагьас жиндирго чапарзаби рит1ана росулъе,гьесие бокьун бук1ана рагъго гьабич1ого,маг1арулал кверде росизе.Киналго г1адамал годек1анир рак1арана.Гьел г1емераб мехалъ къацандана.Цо чапарас ишан гьабурабго,цо къажарав,мочол таргьаги гъежда

ч1ван,росдал г1адамазде аск1овег1ан вач1ана.Цинги таргъа гьезда цебе рехана.Таргьиниса къват1ибе чвахун бач1ана мугь.Цогидал г1адамал щибго жо бич1ч1уларого хут1ана,амма Зулпукъарил к1удада ,цо балъголъи лъараб г1адин гьимана,цинги гьес абуна.

К1удада:

-Зулпукъар ,хехго рокъовеги ун,х1елеко бачун вач1а.

Автор:к1удадаца х1елеко таргьниса къват1ибе чвахараб мочоде т1аде биччана.Х1елкицаги мугь цо-цо ккун бищана.

Автор:Ццин бахъарал къажарал т1адруссана.Рокъове щведал васас к1удадада гьикъана.

Зулпукъар:

-Дах1адада,дол къажараз нужеда цебе мочол ц1ураб таргьа щай рехараб?

К1удада:

-Къажаразе бокьун бук1ана жидер раъухъаби гьеб таргьиниб мучг1анги г1емерал ругилан абизе.

Зулпукъар:

-Бич1ч1ана, х1елкица мугь бищулеб г1адин, цо-цоккун гъуризе ругила нужер рик1к1ен г1емерал рагъухъаби!Гьеб гурищха ,дах1адада  мочоде х1елеко биччаялъул маг1на?

Нилъер бищунго къуватаб ярагъги гьеч1ищха,дах1адада?

К1удада:

-Буго дир вас, буго,кидаго рак1алдеги щва,ц1унизеги ц1уне гьеб ярагъ. Дурго лъималазухъеги гьеб кьезе к1очон тоге!

(щиб ярагъ гьеб кколеб?)

Ват1аналде бугеб рокьи

Кицаби

Ват1ан хириясул хвел бук1унаро

Ват1ан тун арасе талих1 кьоларо

Ват1ан ц1унун хварав чи хабалъги ч1аго вук1уна

Бах1арчи  цин хола,х1алихьат анц1ул хола

Ханжар ц1улал бугони г1ола,рак1 маххул бугони.

Хвалчада гурх1ел гьеч1еб, гуллида берал гьеч1ел

Бах1арчи кьалда хола,х1алихьат боснов хола

Тушманасе наку ч1вазег1ан, жиндирго къаданиб зани ч1вазе лъик1.

Ват1ан гьеч1ев чи, чед гьеч1еб таргьа

Гьудул нусгоги дагьав,тушман цоги г1емерав

Басриябги ц1уне,ц1иябги лъа

ГЪУНИБ РАЙОНАЛДА,Хиц1иб магъилъ  маг1арулаз къажараздa т1ад босараб бергьенлъиги к1одо гьабун 2004 соналъ бан буго музей "Ват1ан".

 6 июлалъул  2011 соналдаса нахъе 15 -сентябрь лъазабун буго ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХАЛКЪАЛ ЦОЛЪИЯЛЪУЛ БАЙРАМЛЪУН.(ДЕНЬ ЕДИНСТВА НАРОДОВ ДАГЕСТАНА)

НАДИР ШАХ, ГЬЕСУЛ КВЕРЩАЛИКЬЕ ККАНА ТАБАСАРАНАЛЪУЛ,ХАЙДАКЪАЛЪУЛ ГЬЕДИНГО,БЕЛУДЖИСТАН ХИВАЯЛЪУЛ ВА БУХАРИЯЛЪУЛ ХАНЛЪАБИ,. ГЬЕБ ЗАМАНАЯЛДА ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ЦО-ЦО РАКЬАЛ ИРАНАЛЪУЛ ШАГЬЛЪИЯЛДЕ ГЪОРЛЪЕ УНЕЛ РУК1АНИГИ,Т1УБАНГО ГЬЕБ КВЕРДЕ БОСИЗЕ БАЖАРИЧ1ОЛЪИЯЛЪ ЦЦИН БАХЪУН ВУК1АНА НАДИР ШАГЬ. ХАСГО АВАРИСТАН МУК1УР ГЬАБИЗЕ БУГЕБ КЪАСДАЛЪ ГЬЕС 1741 ЦОНАЛЪ ЛЪАБАБИЗЕГИ САПАР БУХЬАНА ДАГЪИСТАНАЛДЕ.

АММА ГЬЕБ К1УДИЯБ РАГЪУЛАБ КЪУВАТАЛДА ДАНДЕ КЪЕРКЬЕЗЕ Г1УРАБ КЪОХ1ЕХЬЕЙГИ,БАХ1АРЧИЛЪИГИ,ЯХ1ГИ,ЧИЛЪИГИ,ЧАРАМУЛ КЪВАК1ИГИ БАТАНА МАГ1АРУЛАЗУЛ РАГЪУХЪАБАЗУЛЪ. Т1АДЕ КЪО ККАРАБ МЕХАЛЪ КИНАЛГО ЦОЛЪУН.МАГ1АРУЛАЗУЛ БАТ1И-БАТ1ИЯЛ РОСАБАЗУЛ,БАТ1И-

БАТ1ИЯЛ ЖАМАГ1ТАЗУЛ БАХ1АРЧИЯЛ Г1ОЛОХЪАБАЗ КУМЕК ГЬАБУНАГ1АНДАЛАЗУЛ РАКЬАЛДА ТУШМАН ЩУЩАХЪ ВИХХИЗАВИЗЕ.

"Н-ШАХ ЩУЩАХЪ ВИХХИЗАВИ" АБУРАБ КОЧ1ОЛЪ РЕХСОН РУГО РАГЪУЛЪ Г1АХЬАЛЛЪАРАЛ РОСАБАЗУЛГИ ЖАМАГ1АТАЗУЛГИ Ц1АРАЛ:ГЬИДАЛЪ,К1К1УЯДА,КЪАРАХЪ,Т1ЕЛЕКЬ,К1АРАТ1А,Г1АНДИБ,Ч1ОХЪ,КЬЕНСЕРУХЪ,

Видеоролик-рагъул х1акъалъулъ биччазе, цинги кеч1 ц1алила

"Надир-шагь щущахъ виххизави"- абураб кеч1 ролазде бикьун ц1алила, муг1алималъ байбихьила ц1ализе ,хут1араз т1ад балагьун ххал кквела(Магъущ,нуцал, надир-шагь, сурхай-хан)

Рокъобе хIалтIи
1) "Шагь г1адаллъун ватани, Дагъистаналъул халкъазде данде рагъ гьабизе виччан те" –абураб темаялда тIасан сочинение хъазе.
2)Бищунго къуватаб ярагъ-Ват1аналде бугеб рокьи ц1уне даим рек1елъ!!!! г1умруялъего дарс.

Дарсил хIасил гьаби

Рефлексия